

Edisi Pertama. Khutbah Jum'at. 16/08/2024

## KHUTBAH PERTAMA

Tema : Sinten Tiyang Engkang Bangkrut?

السلام عليكم ورحمة الله وبركاته  
الْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي هَدَانَا سُبُّلَ السَّلَامِ، وَأَفْهَمَنَا بِشَرِيعَةِ النَّبِيِّ الْكَرِيمِ، أَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، دُوَّالِ الْجَلَالِ وَالْإِكْرَامِ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّداً عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى الْهُدَى وَاصْحَابِهِ وَالثَّابِعِينَ بِإِحْسَانِ إِلَيْهِ يَوْمَ الدِّينِ، أَمَّا بَعْدُ فَيَأْيَهَا الْأَخْوَانُ، أُوصِيُّكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ، قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ، بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا، يُصْلِحُ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرُ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزًا عَظِيمًا وَقَالَ تَعَالَى يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. صَدَقَ اللَّهُ الْعَظِيمُ

Hadirin jamaah jumah rohimakumullah

Mangga kita samiya tansah netepi taqwa dateng Allah, kanti taqwa ingkang sakestu sarana tansah nindakaken sedaya perintah lan dawuh dawuhipun, saha nilar lan nebihi sedaya cegah lan awisanipun, wonten ing swasana kados menapa kemawon, kapan mawon, lan wonten ing pundi kemawon, supados kita tansah pikantuk rahmat lan kanugerahan, kebahagyaan gesang ing alam dunya punika ngantos mbenjang dumugining akherat, Amiin .

Para jamaah ingkang minulya.

Ing sakwijining dina, Kanjeng Nabi Muhammad saw tanglet dhateng

para sahabat sinten niku tiyang ingkang bangkrut? Kados dene wonten ing hadist ingkang dipun riwayatake saking Sahabat Abu Hurairah ra:

أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ أَتَدْرُونَ مَا الْمُفْلِسُ

Artosipun: "Saktemene Rasulullah saw tanglet (dhateng para sahabat): "Apa tah sliramu padha ngerti, sapa iku ingkang diarani wong kang rugi utawa bangkrut?"

قَالُوا: الْمُفْلِسُ فِينَا مَنْ لَا دِرْهَمَ لَهُ وَلَا مَتَاعٌ

Lajeng para sahabat wonten ingkang jawab: Tiyang ingkang bangkrut yaiku ingkang mboten gadah arta lan bandha.

Ananging, mboten jawaban niku ingkang dipun kersaake kalian Kanjeng Nabi Saw. Tiyang ingkang bangkrut miturut agami, lajeng dipun wedar kalian Kanjeng Nabi.

فَقَالَ: إِنَّ الْمُفْلِسَ مِنْ أَمْتَى، يَأْتِي يَوْمَ الْقِيَامَةِ بِصَلَاةٍ وَصِيَامٍ وَرَزْكَاهٍ، وَيَأْتِي قَدْ شَتَمَ هَذَا، وَقَدْ فَرَّ هَذَا، وَأَكَلَ مَالَ هَذَا، وَسَفَكَ دَمَ هَذَا، وَضَرَبَ هَذَا. فَيَعْطِي هَذَا مِنْ حَسَنَاتِهِ وَهَذَا مِنْ حَسَنَاتِهِ. فَإِنْ فَنِيَتْ حَسَنَاتُهُ، قَبْلَ أَنْ يَقْضَى مَا عَلَيْهِ، أَخِذَ مِنْ خَطَايَاهُمْ فَطَرَحَتْ عَلَيْهِ. ثُمَّ طُرَحَ فِي النَّارِ

Artosipun: "Nabi paring dhawuh: "Saktemene wong kang bangkrut saking umatku, yaiku wong kang teka ana ing dina kiamat, kanthi gawa amal kesahenan saking shalat, puasa, dan zakat. Ananging wonge mau, tahu ngenyek (mencaci maki) wong liya, nuduh wong liya, mangan bandhane wong liya, gawe mili getihe (nglarani/mateni) wong liya, lan ngantem wong liya. Mangka, ganjaran-ganjaran sangka amal baguse entek sak durunge hak-hake dipenuhi, lan amal-amal alane wong-wong kang den dhalimi kabeh bakal den wenehake marang wong iku, lan sak banjure wong iku mau den uncalake ana neraka," Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Awit saking keterangan hadist menika, saget dipun ngertos, sinten tiyang ingkang bakal rugi/bangkrut? Wodene bangkrut, miturut Kanjeng Nabi yaiku dudu wong kang bangkrut mboten namung miturut keadaan ekonomine. Ananging ing dalem persoalan agami, yaiku wong kang duweni amal sahe utawi ganjaran kang kathah, nanging akhire telas merga perkara awon ingkang nate dilakoni ing dunya. Malah-malah wonge tombok utawi bangkrut, sebab amal eleke wong liya, bakal diwenehke marang de'e. Menika, gambaran besuk ana ing Padang Mahsyar, nalika manungsa dipun hisab kalian Allah ta'ala, lajeng bakal nentuake wonge mau bakal mlebu swarga utawa neraka. Awit saking mekaten, mangga kita tansah mbiji dhumateng kita piyambak. Ibarate awak dhewe menika, amal sahe mawon dereng tentu ditampi kalian Gusti Allah. Mangka, ampun ditambahi nglakoni perkawis awon, kang saget ngurangi ganjarane kita. Langkung-langkung, perkara awon kang wonten hubungane kalian tiyang sanes, kaya tah ngrasani, fitnah, nclarani, maling, korupsi, mateni, lan sanesipun. Menika sedaya bakal wonten walese saking Gusti, sahe niku teng Dunya, utawi teng Akhirat. Na'udzu billahi min dzalik.

Jamaah Jumát hafidhakumullâh

Pramila, mangga kita jagi lisan kita. Kita jagi driji kita. Kita jagi sedaya anggota badan kita, supaya mboten dadi saksi kang bakal ngabotake ana ing dina Hisab. Menika, dipun sebataken ing Al-Qur'an surat Yasin ayat 65:

الْيَوْمَ نَخْتُمُ عَلَىٰ أَفْوَهِهِمْ وَثُكَّلِّمُنَا أَبْدِيهِمْ وَتَشَهِّدُ أَرْجُلُهُمْ بِمَا كَانُوا يَكْسِبُونَ

Ing dino iki, kito tutup cangkeme dewek e kabeh, lan ngomong marang kito, tangan-tangane dewek e kabeh lan podo paring saksi sikile dewek e kabeh marang opo ingkang sampun dilakoni.

Akhirupun. Mugi-mugi kita sedaya kalebet dados tiyang kang beja lan bathi ana ing Dunya lan Akhirat. Amin ya Rabbal Alamin.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ وَنَفَعْنِي وَإِيَّا كُمْ بِالآيَاتِ وَالْذِكْرِ الْحَكِيمِ إِنَّهُ هُوَ التَّوَابُ الرَّحِيمُ قَالَ تَعَالَى وَهُوَ أَصْدِقُ الْقَائِلِينَ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ وَالْعَصْرِ إِنَّ الْإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَتَوَاصَوْا بِالْحَقِّ وَتَوَاصَوْا بِالصَّيْرِ وَقُلْ رَبِّ أَغْفِرْ وَأَرْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاجِمِينَ\*

## الْخُطْبَةُ الثَّانِيَةُ

الْحَمْدُ لِلَّهِ، الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي خَلَقَ الْأَشْيَاءَ أَحْمَدُهُ سُبْحَانَهُ وَتَعَالَى حَمْدُ مَنْ عَفَى مِنَ الْبَلَاءِ أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ شَهَادَةُ ثُنْجَى قَاتِلَهَا يَوْمَ الْجَزَاءِ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَتْقَى الْأَتْقِيَاءِ اللَّهُمَّ صَلِّ وَسِلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدَ سَيِّدِ الرُّسُلِ وَالْأَنْبِيَاءِ وَعَلَى آلِهِ الْكَرَمَاءِ وَأَصْحَابِهِ الْأَصْفَيَاءِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الْلِقَاءِ أَمَّا بَعْدُ فِيَ عِبَادَ اللَّهِ أُوصِيُّكُمْ وَإِيَّا يَ بِتُّقْوَى اللَّهِ وَأَشْكُرُوهُ عَلَى تَوَالِي النِّعَمَ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ تَعَالَى أَمْرَكُمْ أَمْرًا عَمِيًّا فَقَالَ جَلَّ جَلَّهُ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلَوَا عَلَيْهِ وَسَلَّمُوا تَسْلِيْمًا اللَّهُمَّ صَلِّ وَسِلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ سَيِّدِ الْمُرْسَلِينَ وَعَلَى آلِهِ وَصَاحِبِهِ وَالْتَّابِعِينَ وَتَابِعِيَّنَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ وَارْحَمْنَا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبٌ الدَّعَوَاتِ اللَّهُمَّ أَصْلِحْ أَمْمَتَنَا وَأَمْمَتَنَا وَقَضِيَّاتَنَا وَعُلَمَاءَنَا وَفُقَهَاءَنَا وَمَشَايخَنَا صَلَاحًا تَامًا عَالَمًا وَاجْعَلْنَا هَدَاةَ مُهْتَدِينَ اللَّهُمَّ أَنْصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ وَاحْذَنْ مَنْ حَذَنَ الْمُسْلِمِينَ اللَّهُمَّ أَهْلِكْ أَعْدَاءَ الدِّينَ وَأَلْفِ بَيْنَ قُلُوبِ الْمُؤْمِنِينَ وَفُكِّ أَسْرَ الْمَأْسُورِينَ وَفَرَّجْ عَنِ الْمَكْرُوبِينَ وَاقْضِ الدِّينَ عَلَى الْمَدْعُونِينَ رَبَّنَا أَنْتَ فِي الدُّنْيَا حَسَنَةٌ وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقَاتَ عَذَابَ النَّارِ عَبَادَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُكُمْ بِالْعُدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعْظُمُ لَعْنَكُمْ تَذَكَّرُونَ فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذَكِّرُكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدُّكُمْ وَاسْتَلَوْهُ مِنْ فَضْلِهِ يَعْظُمُ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ.